

# KRITÈ POU PWOGRAM PWOPRIYETÈ KAY NOU AN

Nou ankouraje tout moun ki enterese nan aplike nan pwogram nou an pou revize aklè kondisyon ki anba yo pou detèmine si yo konsidere yo kalifye.



## BEZWEN POU LOJMAN

Moun ak fanmi nou konsidere pou pwogram pwopriyetè kay nou an se moun sitiwayon lojman aktyèl yo pa apwopriye, epi yo pa kapab jwenn lojman adekwa nan lòt mwayen konvansyonèl yo.

Revni tout moun nan kay la ap verifiye (Tout moun ki abite nan kay la ki gen 18 an ou plis, e ki ap travay, nap verifiye revni yo tout) san distenksyon.

Mank lojman apwopriye ka enkli:

- Pwoblèm ak estrikti kay la oswa apatman an, dlo, elektrik, sistèm egou yo, chofaj / refwadisman, sibstans danjere, oswa echèk pou satisfè estanda antretyen pwopriyete vil la.
- Kay la oswa apatman ka:
  - Gen twòp moun
  - Li pa afòdab (si aplikan / ko-aplikan an depanse plis pase 30% Gross revni chak mwa yo sou lojman)



## ABILITE POU OU KAPAB PEYE IPOTÈK NOU YO

Aplikan yo ak ko-aplikan yo dwe demontre ke yo gen revni ki estab ak ase lajan pou yo kapab peye yon ipotèk minimòm nan kay yo ta renmen achte a.

Aplikan ak ko-aplikan yo dwe kapab::

- Bay prèv revni ki estab pou de (2) dènye ane yo (tankou taks revni, w2, 1099, kopi chèks, bank statements, elatriye)
- Bay prèv Bay ke ou peye bòdwo ou a lè
- Kapab afòde yon ranbousman ipotèk minimòm ki etabli pa Habita pou Imanite nan Sid Palm Beach County
- Pa gen okenn kont nan koleksyon (eksepte koleksyon medikal), chaj-konpwomi oswa dosye piblik ki pa satisfè sou istwa kredi.
- Ekonomize epi kontribiye \$ 2,000 nan kont Escrow ou (1ye ane asirans pwopriyetè kay la ak taks pou kay ou).



## VOLONTE DE PATENARYA

Aplikan, ko-aplikan yo ak fanmi yo dwe dispoze pou yo patisipe nan yon patenarya san rete avèk nou pandan ke yo nan pwogram Pwopriyetè kay la epi menm apre yo fin achte kay yo.

Aplikan ak ko-aplikan yo pral espekte pou yo volontè pou yon minimòm de 250 èdtan de sweat equity ak travay nan patenarya ak òganizasyon an nan:

- Asistans nan konstriksyon kay kap bati kounye a yo
- Volontè nan òganizasyon kominotè lokal yo ki pa pou pwofi yo
- Volontè nan ReStores nou yo
- Asistans avèk Pwogram Neighborhood Revitalizasyon nou an nan pentire, reparasyon enpòtan oswa pwojè wotasyon
- Ale nan tout atelye edikatif ak reyinyon yo pou aprann e gen plis konpetans kom kom yon pwopriyetè kay, antretyen kay, jesyon finansye, elatriye.
- Patisipe nan relasyon piblik / efò

- Gouvènman sibvansyone (tankou otorite lojman oswa seksyon 8 lojman)
- Tranzisyonèl (moun oswa fanmi k ap viv kounye a avèk yon manm fanmi oswa yon zanmi)

- Peye closing costs ou

- maketing pou ede ogmante konsyantizasyon ak lajan.
- Aji kòm yon anbasadè ak yon egzanp nan kominote yo pou amelyore katye yo.

## LIMIT REVNI POU DETERMINE KAPASITE POU PEYE

**Minimòm**  
**Gross Revni Anyèl Konbine (Avan Taks)**  
 pou Aplikan ak/oswa Ko-Aplikan SELMAN

| Gwosè Fanmi | Revni Anyèl (Avan Taks) |
|-------------|-------------------------|
| 1           | \$33,120                |
| 2           | \$33,120                |
| 3           | \$33,120                |
| 4           | \$33,120                |
| 5           | \$33,225                |
| 6           | \$35,675                |
| 7           | \$38,150                |
| 8           | \$40,600                |

**Maksimòm**  
**Gross Revni Anyèl (Avan Taks)**  
 pou Aplikan ak/oswa Ko-Aplikan SELMAN

| Gwosè Fanmi | Revni Anyèl (Avan Taks) |
|-------------|-------------------------|
| 1           | \$43,050                |
| 2           | \$49,200                |
| 3           | \$55,350                |
| 4           | \$61,500                |
| 5           | \$66,450                |
| 6           | \$71,350                |
| 7           | \$76,300                |
| 8           | \$81,200                |

\*\* Limit revni yo kapab chanje

## KONDISYON ADISYONEL

- Aplikan ak ko-aplikan yo dwe viv oswa travay nan Boynton Beach, Delray Beach, oswa Boca Raton pou dènye 12 mwa konsekitif yo.
- Tout manm nan kay la dwe sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan.
- Aplikan ak ko-aplikan yo pa ka te gen yon foreclosure nan 4 denye ane yo, avan dat aplikasyon an.
- Tout moun nan kay la (laj 18 an oswa plis) dwe kapab pase yon background chèk kriminel.
- Aplikan ak ko-aplikan yo dwe yon homebuyer pou premye fwa (pa posede yon kay nan dènye 3 ane yo, eksepte yon kay mobil) oswa pou yon mari oswa madanm ki separe akòz vyolans domestik oswa divòs.
- Aplikan ak ko-aplikan yo pa ka te gen yon fayit (Bankrupcy) nan lespas 4 denye ane yo avan dat aplikasyon an.
- Aplikan ak ko-aplikan yo dwe vle viv nan vil ak nan katye kote nou pral aktivman bati yo oswa vann kay yo.